

Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DOKIMAN S6575/A8414 POU RENOUVLE EPI ELAJI LWA KI AP MENNEN NAN NASYON AN KI EGZIJE PATISIPASYON ANTREPRIZ BIZNIS KE MINORITE AK FANM YO POSEDE YO NAN KONTRA ETA YO**

***Gouvènè Cuomo: "Divèsite se pi gwo atou New York, epi nan siyen mezi sa a pou vin lwa nou pral bay pouvwa a plis fanm ak moun nwa yo pou patisipe nan kontra Eta yo epi kontinye ak pwogram agresif nou an pou fè pwosesis pou bay kontra yo vin menm pi enklizif".***

Gouvènè Cuomo te siyen jodi a dokiman S.6575/A.8414 pou vin lwa, ki ap retounen otorize pwogram Antrepriz Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) pou senk lòt ane an plis pou asire patisipasyon MWBE yo ki ap kontinye epi ki enpòtan nan pwojè Eta a bay kontra yo. Reyotorizasyon lwa a gen ladan ranfòsman ki pral pèmèt menm plis MWBE patisipe nan epi benefisye de pwogram nan.

"Ekstansyon ak ekspansyon pwogram MWBE New York ki ap mennen nan nasyon an pral ede asire ke ekonomi nou an reflekte valè nou yo ak gwoup talan divès nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Divèsite se pi gwo atou New York, epi nan siyen mezi sa a pou vin lwa nou pral bay pouvwa a plis fanm ak moun nwa yo pou patisipe nan kontra Eta yo epi kontinye ak pwogram agresif nou an pou fè pwosesis pou bay kontra yo vin menm pi enklizif."

"Nou ap kraze baryè pou aspiran antreprenè yo epi bay opòtinite pou asire kwasans ak reyisit Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Renouvèlman ak ekspansyon pwogram MWBE djanm nou an ap fè vanse objektif MWBE New York ki ap mennen nan nasyon an nan kad efò global nou yo pou pwomouvwa divèsite. Nou pran angajman ankouraje epi sipòte Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo atravè eta a, kreye travay epi ranfòse ekonomi an."

Pwogram MWBE a, ki te elabore pou fè ekonomi New York lan vin pi enklizif nan egzije patisipasyon MWBE nan kontra Eta yo, te gen pou ekspire nan fen ane 2019 lan. Reyotorizasyon an ap pwolonje pwogram nan jiska 2024 epi mwen amande lwa a pou fè li vin pi fasil pou plis MWBE patisipe epi bay tout biznis ki ap patisipe yo pi gwo avantaj. Nouvo tèm yo gen pami yo:

- Elaji tèm sètifikasyon MWBE yo soti 3 ane pou vin 5 ane;
- Ogmante limit acha diskresyonè pou ajans ak otorite yo soti 200,000 dola pou vin 500,000 dola san yon pwosesis konpetitif fòmèl;
- Ogmante limit Valè Nèt Pèsonèl la soti 3.5 milyon dola pou vin 15 milyon dola pou kapab fè plis biznis vin kalifye;

- Otorize Divizyon MWBE a òganize aktivite sansibilizasyon, fòmasyon ak opòtinite edikatif yo pou antrepriz MWBE yo atravè Eta a; epi
- Etabli yon Pwogram Divèsite Mendèv (Workforce Diversity Program) ki ap mande ajans Eta yo ki ap sipèvizè pwojè konstwiksyon yo pou yo itilize yon mendèv ki divès; pami tèm adisyonèl yo.

**Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Pwogram MWBE a se yon reyisit ki fè prèv li, epi li te ede bay pouvwa a Antrepriz Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo. Dokiman lwa ke yo te siyen pou vin lwa a pral pwolonje pwogram MWBE a jiska 2024, kontinye fè pwosesis kontra Eta a vin pi enklizif, epi pran mezi pou konbat movèz reprezantasyon yo. Majorite Demokratik Sena a pran angajman kraze baryè yo epi pwojè lwa sa a ap kontinye ak efò sa a atravè kreyasyon yon tèren jwèt ki pi ekilibre pou antreprenè minorite ak fanm yo. Mwen bat bravo pou sipòtè dokiman lwa sa a, Senatè James Sanders Jr. poutèt lidèchip alontèm li sou pwoblèm sa a, epi mwen fyè de kòlèg mwen yo ki nan Sena a poutèt yo adopte dokiman lwa sa a pou bay pouvwa a plis moun New York pou debloke tout potansyèl yo".

**Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare,** "Pwogram Antrepriz Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo te inestimab nan bay bourad a ekonomi nou an epi asire ke mendèv nou an reprezante divèsite New York yon fason ki pi presi. Nan renouvle epi pwolonje pwogram nan, nou ka kontinye ajoute sou pwogrè ke nou ap fè nan pwomouvwa egalite opòtinite ekonomik pou Antrepriz Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo. Mwen ta renmen remèsye tou Manm Asanble a Bichotte poutèt lidèchip li sou pwoblèm sa a ak angajman kontinyèl li pran anvè enklizivite nan ekonomi nou an".

**Senatè James Sanders Jr. te deklare,** "Pwojè lwa enpòtan sa yo se gwo pa pou rive asire ke MWBE yo ap ogmante kapasite epi gen pi bon aksè a kontra eta yo. Nou finalman ap fè kèk bon pwogrè pou enkli gwoup ki te yon fason istorik manke aksè a resous sa yo".

**Senatè Kevin Parker te deklare,** "Ogmantasyon patisipasyon Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede yo, ogmantasyon opòtinite ak pwoteksyon kont pratik fwodilan yo li krisyal pou devlope ekonomi nou an. Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt ou siyen pwojè lwa enpòtan sa a. Ak yon ogmantasyon prèske 20 pousan nan kontra MWBE yo sou ywit ane, li ta pral enposib pou nou pa rekonèt enpak yo sou ekonomi Eta New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li ap fè pwogram MWBE a vin yon priyorite pandan administrasyon li an".

"Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa MWBE sa yo ki gen ladan pou pèmèt ekstansyon Atik 15-A a, ak plis ekspansyon pwogram MWBE an", **se sa Manm Asanble a Rodneyse Bichotte te deklare.** "Chanjman ke yo te enkòpore yo ap pèmèt pou gen yon pwogram ki pi djanm epi pi transparan, elaji atent biznis ki kalifye yo ak limit Valè Nèt Pèsonèl ki ogmante nan pwogram lan pou rive 15 milyon dola, disponiblite Pwogram Pilòt Mantora DASNY an, ki ap ogmante depans diskresyonè vil lan pou vin 500,000 dola ak yon ekstansyon sètifikasyon pou 5 an pral yo tout pèmèt yon patisipasyon MWBE yo ki ogmante. Sa se sètènman bon pa annavan pou objektif enklizyon ak ekite ekonomik iltim nou genyen nan Eta New York pou kominote MWBE a".

**Manm Asanble a Inez Dickens te deklare,** "Jodi a mwen fyè pou mwen anonse ke Gouvènè Cuomo pral siyen yon pwojè lwa ki enpòtan ke mwen te pwopoze nan Asanble Eta a ki ap retounen pote Lig Ibèn Nasyonal la (National Urban League) nan kote li te pran nesans li, Harlem, USA. Ansanm ak retou enstitisyon enpòtan sa a, pwojè a pral gen ladan tou 170 kay lojman ki a pri abòdab ki klase a yon kantite maksimòm 80% Revni Mwayen nan Zòn nan (Area Median Income, AMI). Pwojè sa a pral nouvo lokal pou Jazz Mobil ak 100 Black Men Inc., epi li pral jwenn finansman konsiderab ke to bay Fon Amelyorasyon 125th Street lan. Mwen felisite Gouvènè a poutèt li kontinye sipòte fanmi ki gen revni fèb ak revni mwayen yo nan siyen pwojè lwa sa a ki ap pèmèt yo rete yon pati nan mak fabrik vil nou an, epi pliske sa ap reyalize nan dat anivèsè mwen sa fè li se yon okazyon ekstra espesyal".

Nouvo pwovizyon yo pral sipòte kwasans kontinyèl pwogram MWBE a, ki te abouti a plis pase 13 milya dola nan kontra ke yo te bay MWBE yo depi 2011. An 2010, depans kontra Eta a ak antrepriz MWBE yo te totalize mwens pase 100 milyon dola epi itilizasyon MWBE yo te jis mwens pase 10 pousan. An 2014, Gouvènè Cuomo te etabli yon objektif 30 pousan itilizasyon MWBE yo nan tout kontra Eta yo, epi pandan ane fiskal 2017-2018 lan, Eta a te vin pi pre objektif sa a ke jamè anvan lè yo te akonpli yon nivo itilizasyon 28.62 pousan, oswa 2.5 milya dola nan lajan pou bay kontra nan Eta a. Eta New York ap kontinye dirije nasyon an atravè akonplisman li pou pi gwo nivo patisipasyon kontra MWBE yo.

Ekstansyon ak ekspansyon S.6575/A.8414 la ranfòse pa siyati de dokiman lwa adisyonèl yo: S.6301/A.7795 ak S.6418A/A8407. S.6301/A.7795 otorize Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York) kreye yon pwogram pilòt apwovizyonman sou kat ane pou kontinye elaji opòtinite pou bay MWBE ak ti biznis yo kontra, pandan ke S.6418A/A8407 la ap otorize yon ogmantasyon limit otorite acha diskresyonè Vil New York yo soti 150,000 dola pou vin 500,000 dola pou asire ke limit lan konsistan ak otorite ki ogmante nan Eta a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)